STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE DE EMPIRE STATE FELLOWS JWENN NOMINASYON YO NAN PÒS TRAVAY PÈMANAN POLITIK PRENSIPAL

Jennifer M. Gómez pral sèvi kòm Asistan Sekretè Eta New York pou Sèvis Imen ak IT

Kisha Santiago-Martinez pral sèvi kòm Asistan Manm Komisyon nan NYS Homes & Community Renewal

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse de manm klas inogirasyon pwogram Empire State Fellows te jwenn pwomosyon nan pòs desizyon politik prensipal nan gouvènman Eta New York. Jennifer M. Gómez jwenn nominasyon li kòm Asistan Sekretè pou Sèvis Imen ak Teknoloji Enfòmasyon, epi Kisha Santiago-Martinez te jwenn nominasyon li kòm Asistan Manm Komisyon nan New York State Homes and Community Renewal (HCR).

Gouvènè Cuomo di konsa, "Mwen kontan paske dirijan akonpli sa yo pral rete nan Administrasyon mwen kòm moun k ap pran desizyon epi mwen sèten y ap kontinye rete resous enpòtan pou moun ki nan Eta nou an. Pwomosyon yo se yon temwayaj pou efikasite pwogram Empire State Fellows nan ede atire moun ki pi bon ak pi briyan nan sèvis piblik la."

Sekretè Eta New York, Cesar A. Perales, k ap sipèvize pwogram Empire State Fellows, di konsa, "Pwogram Empire State Fellows montre kijan li posib pou pote talan ki eksepsyonèl ak dinamik nan ran gouvènman eta a. Mwen felisite Madam Gómez ak Madam Santiago-Martinez pou nouvo wòl enpòtan yo nan administrasyon an."

Pwogram Empire State Fellows se yon pwogram fòmasyon dirijan atanplen k ap prepare pwochen jenerasyon pwofesyonèl ki gen talan pou yo fè karyè kòm moun k ap pran desizyon

politik nan Eta New York. Yo chwazi pwofesyonèl ki gen eksperyans nan plizyè kalite domèn nan yon pwosesis ki konpetitif anpil ki analize konpetans inik y ap pote nan gouvènman an, ak kalite dirijan posib yo, angajman yo pou sèvis piblik ak kreyativite.

Pwogram nan te kòmanse avèk yon klas uit Empire State Fellows 2012-2014, ki te gen ladan Madam Gómez ak Madam Santiago-Martinez, ki te pote talan inik ak nesesè nan administrasyon an. Nan dènye mwa septanm nan, 21 moun te antre nan pwomosyon Fellows 2013-2015.

Fason pou Jwe Wòl Politik Piblik Enpòtan

Madam Gómez pral bay sipèvizyon pou plizyè ajans enpòtan ki bay sèvis enpòtan pou Nouyòkè yo, tankou Office of Temporary and Disability Assistance, Office of Children and Family Services, Division of Veterans' Affairs, ak Office of Information Technology Services.

Madam Gómez ki te pase premye ane Empire State Fellowship nan Office of Temporary & Disability Assistance, te sèvi pa twò lontan nan Chanm Egzekitif la, pou aplike espètiz legal ak politik li pou amelyore lavi timoun ak fanmi ki pa touche ase lajan yo. Karyè li nan sèvis piblik te kòmanse nan Konsèy Minisipal Vil New York kote li te sèvi kòm Konseye Lejislatif pou Komite Asistans Sosyal Jeneral, ki sipèvize Administrasyon an pou Sèvis Timoun, Depatman Sèvis pou Moun ki Sanzabri, ak Administrasyon Resous Imèn. Anvan sa, Madam Gómez te yon asosye pou litij nan Simpson, Thacher and Bartlett, LLP ak yon anplwaye nan Institute for Policy Integrity nan New York University School of Law.

Madam Gómez te resevwa Bakaloreya li nan Sosyoloji ak nan Etid sou Amerik Latin, *avèk mansyon trè byen*, nan Mount Holyoke College, epi li te resevwa J.D. li nan University of California, Berkeley School of Law kote li te Editè-an-Chèf *California Law Review*. Kòm yon direktris nan konsèy Dominican Bar Association, American Bar Association te lonmen li pa twò lontan pou sèvi nan Komisyon li sou Sanzabri ak Povrete.

Madam Gómez, yon moun ki fèt nan New York epi ki pale Panyòl, Pòtigè, Fransè ak Italyen, di konsa, "Mwen gen lonè pou aksepte nominasyon sa a pou sèvi kòm Asistan Sekretè pou Sèvis Imen ak Teknoloji Enfòmasyon. Mwen vle di Gouvènè Cuomo mèsi pou opòtinite pou travay

pou moun Eta New York sou zafè enpòtan sa yo. Mwen espere yon bon jan relasyon travay avèk ajans yo ak administrasyon an."

Madam Santiago-Martinez pral alatèt pwogram HCR yo ak planifikasyon estratejik nan sipèvizyon li sou Inite Sèvis Bidjè ak nouvo Biwo Jesyon Pwojè a. Li pral sèvi kòm yon lyezon pou Biwo Sèvis Teknoloji Enfòmasyon epi pou plizyè pwogram ak aktivite fiskal pou Office of Finance and Development (F&D) (Biwo Finans ak Devlopman), Office of Community Renewal (Biwo Renouvèlman Kominote), Office of Housing Preservation (Biwo Konsèvasyon Lojman), ak Office of Professional Services (Biwo Sèvis Pwofesyonèl).

Anvan li te nan Empire State Fellowship, Madam Kisha Santiago te Vis-Prezidan ak Chèf Prensipal Pwojè nan Rosenberg Housing Group, yon konpayi devlopman lojman prive ki pa chè ki espesyalize nan travay avèk otorite lojman piblik sou pwojè ki gen finansman miks. Pandan tan sa a, li te travay pou egzekite kèk pwojè transfòmasyon ak lansman lojman anpil milyon dola, egzekite yon pwogram sante ak yon pwogram fòmasyon anplwaye pou moun ki nan lojman piblik epitou li te sèvi kòm responsab sèvis sipò an detay ak kominote pou pwopozisyon re-devlopman Prospect Plaza nan Brooklyn. Madam Santiago-Martinez se yon Nouyòkè natifnatal ki gen zansèt pòtoriken, ki gen yon Metriz nan Planifikasyon Rejyonal ak Iben ak yon B.A. nan Sikoloji li te resevwa nan SUNY Albany.

Madam Santiago-Martinez, ki gen ekip jesyon pwojè ki alatèt plizyè efò teknoloji ki asosye avèk sekou apre Sandy kounye a, tankou aplikasyon lojisyèl Agate ki trete aplikasyon pwopriyetè kay, biznis ak devlopman ekonomik pou finansman, di konsa, "Mwen vle di Gouvènè Cuomo mèsi poutèt li lonmen mwen Asistan Manm Komisyon nan New York State Homes and Community Renewal. HCR gen yon gwo enpak nan devlopman lojman ki pa chè ak nan kreyasyon kominote ki gen siksè toupatou nan Eta New York. Mwen espere kontinye alatèt pwojè prensipal ajans lan epitou mwen espere fè gwo kontribisyon pou avantaj tout Nouyòkè yo."

Pwogram Empire State Fellows se pati nouvo Pwogram New York Leaders Gouvènè Cuomo ki rekrite jèn pwofesyonèl ki gen talan ak etidyan kolèj pou sèvi nan gouvènman Eta a. Pou jwenn plis enfòmasyon sou efò New York pou divèsifye mendèv li pou leve defi 21yèm syèk la, ale nan sitwèb http://www.dos.ny.gov/newnyleaders/.

###

Haitian Creole